

Maryaj manman Bibin



Nivo 5

Kreyòl

Maryaj manman Bibin

Kreyòl
Ayiti

Copyright © 2018, NABU.ORG, Laforest Bichly-Marie-Gaëlle



<http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/>

You are free to make commercial use of this work. You may adapt and add to this work. You must keep the copyright and credits for authors, illustrators, etc.



Sa fè katran depi papa Bibin mouri, se te yon bon polisye.

Ane a tout bagay pral chanje pou Bibin paske manman li pral marye.

Lè Bibin rete li sonje papa li anpil, sa konn fè li tris.



Manman li wè prezans papa li manke li anpil,
apre anpil refleksyon, li deside marye.

Yon bon jou, Monik rele Bibin pou vini kote li.
Bibin vini, Monik di li chita pou li di li yon
bagay.

Li di: Bibin cheri, ou pa ta renmen genyen yon
papa?

Bibin pa konprann, li mande manman li eksplikasyon.

Monik : Si mwen marye ak yon mesye li ap vin papa ou.

Bibin : manman, èske li ap renmen mwen tankou papa mwen vre?

Monik : ou ap vini tankou pitit fi li, epi li ap renmen ou anpil.



Konsa, Bibin vini aksepte pou manman li marye.
Li kontan men li te pè tou paske li poko
konnen nouvo papa li a.

Nan demen dimanch, Monik envite mesye Beloni
vini manje ak yo.

Se konsa Bibin rive fè konesans avèk Beloni, fiti
papa li.




Aprè de mwa fin pase, jou maryaj la rive, se yon samdi 24 jen.

Bibin ap ede manman li mete bèl rad blan li sou li.

Li santi li kontan paske li vini renmen Beloni anpil.

Lè manman li fini abiye, Bibin mete rad blan li tou.



Yon bèl limouzin ap tann yo anba a pou menmen yo legliz la.


Lè yo resi santi yo fini, yo desann tankou de rè.

Marenn nan se tati Lalàn, li kenbe trèn lamarye a pou li.

Toulètwa monte nan limouzin nan.

Bibin kite manman li pou li antre apre ketez ak gason donè yo, li se prensès.

Lè tout moun fini antre se lè sa a lamarye a parèt.



Men longè trèn li dèyè li, Beloni pa gen fòs pou retire je li sou Monik.



Tout moun legliz la ap admire Monik ak Beloni
ki ap marye.

Pastè a kòmanse : nou rasanble jodi a pou nou
ini moun sa yo.

Monik ak Beloni nan lyen sakre ki se maryaj....

Anba je Bibin, papa li anbrase manman li.



USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE

